

FÈ ATANSYON POU OU PA VIKTIM!

ANPECHE PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON YO FÈ FWOD AK ABI

Defansè Konsomatè Asirans Florida (Insurance Consumer Advocate, ICA) Florida, Tasha Carter ak asosyasyon ameriken asirans pou domaj pwopriyete (American Property Casualty Insurance Association, APCIA) ap travay ansanm pou yo bay moun florida konesans ak resous pou yo detekte epi sispann fwod ak abi pwofesyonèl konstriksyon yo, sitou apre yon dezas.

Konsèy pou konsomatè yo ak siy avètisman drapo wouj nou dekri nan gid sa a ka ede w diminye chans pou viktim anba men yon pwofesyonèl konstriksyon k ap chèche fè fwod asirans oswa l ap twonpe w pou l fè lajan sou ou.

SE POU VIJILAN ANVAN MENM OU ANBOCHE YON PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON:

- Siveye siy avètisman drapo wouj yo.**
- Anvan ou siyen yon kontra, kontakte konpayi asirans ou a dabò pou fè demann dedomajman an epi asire kontra w la kouvri dega a.**
- Poze kesyon epi fè rechèch pou asire w ap travay ak yon pwofesyonèl konstriksyon ki gen lisans, ki gen asirans epi ki gen bon reputasyon.**

KONPRANN KONTRA ASIRANS OU AN

Lalwa entèdi pwofesyonèl konstriksyon yo fè analiz epi bay konsèy sou kouvèti kontra yo. Si ou gen kesyon sou kontra asirans ou oswa sou kouvèti asirans ou an, kontakte ajan asirans oswa konpayi asirans ou an pou ou jwenn repons.

ENSPEKSYON KONPAYI ASIRANS

Si travay yon pwofesyonèl konstriksyon anndan dedomajman asirans ou a, pèmèt konpayi asirans ou a vin enspekte domaj yo **ANVAN** ou siyen nenpòt papye epi **ANVAN** yon pwofesyonèl konstriksyon kòmanse travay.



CHWAZI YON PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON

**Pa kite pwofesyonèl konstriksyon yo fè presyon sou ou pou siyen yon kontra.
Ou mèt pran kont tan w epi fè rechèch dabò.**

VERIFYE LISANS PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON AN AK ASIRANS AKSIDAN TRAVAY

- Verifye si pwofesyonèl konstriksyon an gen yon lisans Florida ki valid ak aktif sou sit entènèt sa a:
www.MyFloridaLicense.com.
- Verifye si pwofesyonèl konstriksyon an gen:

Asirans kont aksidan travay

<https://dwcdataportal.fldfs.com/ProofOfCoverage.aspx>

Prèv egzanpsyón asirans aksidan travay

<https://dwcdataportal.fldfs.com/Exemption.aspx>

- Verifye si pwofesyonèl konstriksyon an gen asirans responsablite jeneral lè w mande yon sètifikasi asirans.

**Pa kite okenn pwofesyonèl konstriksyon enspekte kay ou a, te mèt se te do kay la,
jiskaske w verifye si li se yon pwofesyonèl konstriksyon ki gen lisans ak asirans.**

VERIFYE PLENT

Verifye si pwofesyonèl konstriksyon an pa te gen moun ki te depoze okenn plent kont li sou sit entènèt Better Business Bureau www.BBB.org.

JWENN OMWEN TWA (3) DEVI

Chache jwenn devi detaye alekri nan men omwen twa (3) pwofesyonèl konstriksyon ki gen lisans ak asirans. Mande zanmi, kòlèg travay, oswa manm fanmi ou pou yo rekòmande w

MANDE REFERANS

Mande pwofesonèl konstriksyon an referans lokal, depreferans referans ki gen piti pase 12 mwa.



CHWAZI YON PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON

DRAPO WOUJ



FÈ PRIDAN SI YON PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON:

- ▶ Parèt san w pa te mande l pou l montre w domaj ou poko te menm wè.
- ▶ Mande ou peye li tout lajan li alavans oswa si li mande ou peman an kach sèlman.



Pwomèt ou sèvis gratis oswa li ofri w pou li renonse a franchiz asirans ou an.

- ▶ Ofri ou pèman oswa yon kat kado pou yon enspeksyon gratis.
- ▶ Pa kapab oswa li pa vle ba ou referans pou lòt travay li te fè deja.



Pa gen yon lisans Florida ki valid ak aktif.


- ▶ Pa vle ba ou prèv sètifikasi asirans responsabilite sivil jeneral ak asirans aksidan travay li.

- ▶ Deklare pri li ofri a se sèlman pou yon jou oswa l ap fè presyon sou ou pou aji vit paske dat limit la prèske rive.



Fè presyon sou ou pou fè demann dedomajman nan konpayi asirans ou a.

- ▶ Bay yon devi ki nètman pi ba oswa nètman pi wo parapò ak lòt devi yo ou te resevwa pou menm travay la.
- ▶ Ba ou yon devi ki gen yon montan global, oswa yon devi trè jeneral epi ki manke detay espesifik, ak presizyon.
- ▶ Di w li pito jere tout komunikasyon yo an pèsòn epi l ap fè retisans pou li ba w dokiman ekri oswa pou l itilize lapòs, imèl oswa mesaj tèks.
- ▶ Pa gen yon espas komèsyal ki etabli oswa kote pou ou kontakte li a pa yon antrepriz ki etabli, tankou yon motèl, yon bwat postal, yon kamyon oswa yon trelè travay.



KONTRA AK DOKIMAN



Toujou gen yon kopi tout dokiman ou siyen ANVAN pwofesyonèl konstriksyon an kòmanse travay.

DOKIMAN ASIRANS

Toujou gen yon kopi prèv asirans responsabilite sivil jeneral ak asirans aksidan travay li oswa prèv egzanpsyon asirans aksidan travay **ANVAN** ou siyen kontra oswa akò reparasyon an.

PA JANM SIYEN DOKIMAN KI GEN ESPAS VID

Pa janm kite espas vid sou yon kontra ou siyen epi pa janm siyen yon kontra ki gen seksyon ki pa konplè, sa ka pèmèt yo ajoute kondisyon ou pa te aksepte apre.

CHACHE KONPRANN TOUT SA OU SIYEN

Lè ou ap siyen yon dokiman, pa siyen li si ou pa konprann li! Si sa nesesè, mande yon pwofesyonèl ou fè konfyans, manm fanmi ou oswa zanmi ou èd pou ou entèprete kondisyon kontra a epi pou ou konprann sa ou pral siyen an.

PÈMI KONSTRIKSYON

Asire w kontra a deklare pwofesyonèl konstriksyon an a pral jwenn pèmi ki nesesè pou travay la.

DOKIMAN SOU TOUT DETAY KONSÈNAN KONSTRIKSYON AN

Asire **nou ekri tout bagay**, ni deskripsyon konplè konsènan travay pwofesyonèl konstriksyon an pral fè a, dat l ap demare, dat li prevwa fini, yon bidjè detaye ak yon kalandriye pèman.

TRANSFÈ AVANTAJ AK LÒD POU PEMAN

Konnen konsekans k ap genyen yo si w siyen yon akò transfè avantaj* (Assignment of Benefit, AOB) oswa yon akò sou lòd peman. Lè w siyen yon akò AOB, ou renonse ak avantaj ansanm ak dwa asirans ou yo. Gen akò lòd peman ki ka mande pou konpayi asirans lan peye pwofesyonèl konstriksyon an dirèkteman (pafwa anvan travay la fini). Ou pa oblige siyen dokiman sa yo pou travay la fèt. Fè atansyon ak langaj ki sanble bay yon pwofesyonèl konstriksyon otorizasyon pou li soumèt yon demann dedomajman bay konpayi asirans ou an oswa mande konpayi asirans ou an pou peye li san li pa chache wè w anvan.

*Tout kontra ki te soti anvan 1ye janvye 2023 bay mèt li dwa pou bay yon tyès pèsòn avantaj asirans yo, toutotan ou pa te chwazi renonse ak dwa sa a pou benefisyé yon rabè sou prim lan.

DRAPO WOUJ

FÈ PRIDAN SI YON PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON:



Pa ba ou oswa li refize ba ou yon kopi kontra a oswa akò a.



Pa pèmèt ou revize kontra a oswa akò a, oswa li pase dirèkteman nan liy siyati a.



Fè presyon sou ou pou siyen yon AOB* oswa yon kalite kontra tankou akò pou lòd peman.



PEMAN

Pwofesyonèl konstriksyon yo dwe ofri ou plizyè opsyon metòd peman.

AVANS

Pa peye lajan kach oswa pa peye tout lajan an davans. Pafwa li nesesè pou bay pwofesyonèl konstriksyon an avans pou peye pou materyèl, men avans sa a pa janm dwe plis pase 50% pri konplè sèvis la. Toujou fè yo ba w resi pou nenpòt kòb ou peye.

PEMAN FINAL

Pa bay pwofesyonèl konstriksyon an peman final la jiskaske TOUT travay ki nan kontra a fini epi ou satisfè. Pa peye ak lajan kach; itilize yon chèk oswa kat kredi olye pou kreye yon dosye sou peman ou.

AFIDAVI PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON AN KONSÈNAN PEMAN FINAL LA

Anvan ou vèse peman final la bay yon pwofesyonèl konstriksyon, mande pwofesyonèl konstriksyon an yon afidavi sou peman final la pou verifye pwofesyonèl konstriksyon an te peye tout soutretan ak founisè yo. Lalwa Florida, **Seksyon 713.06(3)(d), Florida Statutes**, egzije pou pwofesyonèl konstriksyon yo bay yon Afidavi pou Peman Final la lè yo resevwa peman final pou kontra a.

Si gen dèt ou pa peye, lalwa Florida pèmèt soutretan oswa founisè yo bay kay ou nan plàn, dapre **Seksyon 713.05 and 713.06, Florida Statutes**.

FÈ PRIDAN SI YON PWOFESYONÈL KONSTRIKSYON:



DRAPO WOUJ



Mande ou peye li tout lajan li alavans oswa si li mande ou peman an kach sèlman.



Ap fè presyon sou ou pou ankouraje fanmi, zanmi oswa vwazen ou pou anboche li pou travay.



Ofri ou rabè pou ou kite li itilize materyo ki rete sou yon travay li te fè avan sa.



RESOUS



SÈVIS DEPATMAN FINANS FLORIDA

Verifye asirans aksidan travay, verifye prèv egzansyon asirans aksidan travay oswa rapòte bay Divizyon asirans aksidan travay tout vyolasyon ou sispèk moun fè sou egzijans asirans aksidan travay yo: www.MyFloridaCFO.com/Division/WC.

Rapòte fwod asirans bay Divizyon Sèvis Ankèt ak Medikolegal (Division of Investigative and Forensic Services): **1 (800) 378-0445** oswa sou entènèt www.MyFloridaCFO.com/Division/DIFS.



DEPATMAN BIZNIS AK REGLEMANTASYON PWOFESYONÈL FLORIDA

Se Depatman Biznis ak Reglemantasyon Pwofesyonèl Florida (Florida Department of Business and Professional Regulation, DBPR) ki bay pwofesyonèl konstriksyon yo lisans. Pou verifye yon lisans oswa depoze yon plent pou aktivite san lisans ou sispèk oswa lòt aksyon yon pwofesyonèl konstriksyon ki pa bon, kontakte DBPR: **(850) 487-1395** oswa sou entènèt nan www.MyFloridaLicense.com.

LAJAN POU RETABLISMAN KONSTRIKSYON POU PWOPRIYETÈ KAY FLORIDA YO

Lajan pou retablisman Konstriksyon Pwopriyetè Kay Florida (Florida Homeowners' Construction Recovery Fund) ofri ranbousman lajan pwofesyonèl konstriksyon oswa konpayi konstriksyon ki gen lisans te lakòz pèdi atravè kèk aksyon. Lajan sa se yon dènye rekou apre yo fin itilize tout rekou sivil yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Construction Recovery Fund oswa pou fè yon demann:

Construction Industry Licensing Board
2601 Blair Stone Road
Tallahassee, Florida 32399-2215
(850) 921-6593
www.MyFloridaLicense.com/DBPR/Construction-Industry/Recovery-Fund



BIWO PÈMI KONSTRIKSYON LOKAL;

Pou w jwenn enfòmasyon sou pèmi konstriksyon yo mande a oswa pou depoze yon plent, kontakte biwo pèmi konstriksyon lokal ou a. Se gouvènman konte a ki sipèvize sa a.



NOU POTE DOKIMAN SA A POU OU GRAS AK PATENARYA ANT
DEFANSÈ KONSOMATÈ ASIRANS FLORIDA AK ASOSYASYON
AMERIKEN ASIRANS POU DOMAJ PWOPRIYETE



Tasha Carter



apci.org

(850) 413-5923

  @YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

   @TeamAPCIA

www.apci.org/contact-us

www.apci.org

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA/FraudPrevention

www.apci.org/Prevent-Contractor-Fraud-Abuse



www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA/Demolish